Leson 1.5 Diferan kalite abèy

Konsiy

Itilize mo sa yo pou konpare yon **rèn abèy** ak yon **abèy mal**. Itilize ekspresyon konparezon ki se:



rèn abèy *abèy mal*

1. Yo menm paske...
2. Yo diferan paske...

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 1 SEMÈN ABÈY

Leson 1.1 *Lolita*

Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Lolita*. Aprè sa, mande li pou li kanpe. Eksplike timoun ou li dwe sote lè l tande non yon bèt ki vole, epi l ap ret kanpe lè l tande non yon bèt ki pa vole.

Site non bèt, tankou:

- kabrit
- poul
- chen
- gèp
- abèy
- pipirit
- chat

Leson 1.2 Abèy

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen pou twa mo ki kòmanse ak son A : abèy, avyon, anana. Apre sa mande timoun ou fè yon ti flannen nan zòn nan kòmsi li te yon abèy k ap chèche flè pou li kolekte nekta pou l ka fè siwo myèl. Mande l bat zèl li epi gade tout kote pou wè si li jwenn flè.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 1.3 Konte ak abèy
Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou fè desen yon moun epi mete diferan pati nan kò moun nan ak tout sa li genyen ki menm sou chak bò.

Leson 1.4 Abèy - vokabilè
Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen yon nich sou papye li a epi ekri lèt N bò nich la. Mande timoun ou fè desen myèl epi ekri lèt M bò kote desen sa a. Finalman, mande timoun ou desinen nekta epi ekri lèt N bò kote desen an.

Leson 1.5 Diferan kalite abèy
Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen yon **rèn abèy** sou papye li a epi ekri lèt **R** bò rèn abèy li a. Mande timoun ou fè desen yon **abèy mal** epi ekri lèt **M** bò kote desen sa a. Finalman, mande timoun ou desinen yon **abèy ouvriyè** epi ekri lèt **Ou** bò kote desen an.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.